



Apèsi sou Kontra Operatè Bis Transpò BPS

- Yo konnen li sou non Veolia a lepòk, Transdev te kòmanse yon kontra 5-an avèk BPS 1 Jiyè 2013
 - First Student (titilè a) ak 2 lòt soumisyonè te mande kontra atravè yon pwosesis apèldòf
 - Òf Transdev la te enferyè ak \$2M+ pa ane pase pa ancherisè kalifye ki pi pwòch la
- Kontra te gen ladan l senk opsyon renouvèlman 1-ane, t'ap egzèse nan diskresyon Vil la
 - Nou egzekite 4èm opsyon an ane pase
 - 5èm opsyon sa yo t'ap pou 1 Jiyè 2022 rive 30 Jen 2023
- Valè aktyèl kontra se anviwon \$100M

Planifikasyon ak Apwobasyon Operatè BIS BPS Transportation

Pandan Egzèsis Fiskal 2023, BPS Transportation t'ap travay avèk yon founisè ekstèn pou chèche pi bon fason pou estriktire ak redije yon nouvell apèl d'of (IFB) pou soumisyone pwochen kontra Operatè Bis la

- Malgre difikilte yo (COVID, mank chofè nan nivo nasyonal), sou baz amelyorasyon pèfòmans reyalize pa Transdev pandan FY22 a ak FY23, BPS DOT ap rekòmande renouvèlman kontra Transdev ki egziste a, avèk itilizasyon dènye opsyon an, ak pou soumisyone kontra pou FY24 la.
- Nou ap kontinye kwè ke se yon opòtinite kle pou kreye yon chanjman pozitif alontèm pou elèv nou yo, espesyalman lè n konsidere kontra ki pwobableman dire pandan 3-5 ane
- Pandan pwochen IFB a, nou pral chache mete an èv chanjman yo nan jesyon kontra ki devlope pandan ane pase a pou amelyore pèfòmans kontra aktyèl la. Nou pral chanje tou kèk estrikti nan kontra pou soutni divès rezilta nan transpò pi fò epi ki pi byen alinye ensitasyon kou/ekonomi yo ant founisè a ak Distri a.

An atandan, nou mande otorizasyon pou pwolonje kontra aktyèl la avèk Transdev pou 1 ane pou ane lekòl k ap vini an

- Chanje operatè bis yo pandan yon pandemi ankou, yon mank mendèv nasyonal ak yon tranzisyon sirentandan pa t ap nan pi bon enterè elèv nou yo ak fanmi nou yo
- Nou ap kontinye priyore estabilite ak fyabilite avèk kontraktan aktyèl nou an lete sa ak lotòn sa olye pou kreye yon lòt chanjman nan yon peyizaj k ap chanje deja sou plizyè fwon

Pandan dènye ane opsyon sa, nou pral kontinye travay sere avèk Transdev pou asire elèv nou yo ap resevwa operasyon bis jón san danje ak fyab

Pandan yon peniri mendèv nasyonal, ekip Transpò nou an te atenn pi bon to ponktyalite bis yo lotòn sa pa rapò ak senk ane lekòl presedan yo.

...nan konsantre li tou sou divès inisyativ alontèm pou travay vè yon sistèm transpò premye òd ki reponn ak bezwen tout elèv nou yo ak fanmi nou yo.

- Egzamen Mansuèl Pèfòmans yo baze sou done avèk operatè bis nou an pou idantifye domèn amelyorasyon epi devlope ak egzekite divès plan daksyon
- **Reyinyon chak jou ant Ekip** ki akse sou mezi kritik yo ansanm ak rezolisyon pwoblèm
- **Sistèm Biyètri Pòtay Asistans nan Transpò** pou fasilite yon ogmantasyon responsabilizasyon entèn epi amelyore komunikasyon yo ak angajman fanmi an
- **Amelyore aksè ak angajman** gras ak pi bon komunikasyon famiyal pou rekeyi ak entèraji sou kòmantè iteratif elèv, fanmi, ak lekòl nou yo.

Peryòd Tan	Chans pou Bis la a lè SY14-20)	Chans pou Bis la a lè SY22
Jou 1	51%	57%
Jou 2	74%	81%
Septanm	81%	85%
Oktòb	88%	91%
Novanm	90%	92%
Desanm	91%	94%
Janvyè	90%	92%
Fevriye	88%	90%
Mas	92%	94%
Objektif		95%